# «Jańa Moynaq ¬-jańa imkaniyatlar» – 79 million AQSH Dollarlıq 3 memorandumǵa qol qoyıldı

**Image not found or type unknown**

Ózbekstan Respublikası Prezidenti SH.M.Mirziyoevtiń usı jıldıń l5-l6-noyabr kúnleri Qaraqalpaqstanǵa saparı dawamında berilgen tapsırmaları menen keńeytilgen túrde ótkerilgen májilis bayanı tapsırmalarınıń orınlanıwın támiyinlew boyınsha Ózbekstan Respublikası Bas prokuraturası hám Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi tárepinen usı jıldıń l5-l6-dekabr kúnleri respublikamızda «Jańa Moynaq – jańa imkaniyatlar» atamasında birinshi investiciyalıq biznes forumı bolıp ótti.

Oǵan 30 dan aslam sırt el investorları, 50 ge shamalas Ózbekstandaǵı turstlik kompaniyalardıń wákilleri, l44 respublikamızdıń isbilermenleri hám ǵalaba xabar qurallarınıń wákilleri qatnastı.

Forumnıń birinshi kúni Nókis qalası Ózbekstan Jaslar awqamı Qaraqalpaqstan Respublikası keńesiniń úlken májilisler zalında «Jańa Moynaq – jańa imkaniyatlar» temasındaǵı investiciyalıq biznes forumınıń ashılıw máresimi bolıp ótti.

Onda Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Q.Sariev, Ózbekstan Respublikası Bas prokuraturası janındaǵı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Moynaq rayonın rawajlandırıwda nızamshılıqtıń orınlanıwı ústinen qadaǵalaw basqarmasınıń baslıǵı B.Nawrızbaev, Moynaq rayonı hákimi S.Dániyarov hám tiyisli taraw wákilleri Respublikamızdıń, sonıń ishinde, Moynaq rayonınıń sociallıq-ekonomikalıq, sawda, investiciyalıq hám turizm potencialı haqqında shıǵıp sóyledi. Sonday-aq, miymanlar usı baǵdardaǵı kórsetkishler menen tanıstırıldı.

Kúnniń ekinshi yarımında «B2G» hám «B2B» formasındaǵı kooperaciyalıq birja hám forum juwmaqları boyınsha ǵalaba xabar qurallarınıń wákilleri menen brifing shólkemlestirilip, miymanlar I.V.Savickiy atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik kórkem óner muzeyindegi biybaha eksponatlar menen tanıstı.

¬ – Moynaq rayonına potenciallı investorlardı tartıw arqalı óndiris kárxanaların

shólkemlestiriw, jańa jumıs orınların jaratıw maqsetinde shólkemlestirilip atırǵan usı investiciyalıq biznes forum sheńberinde qatnasıwshılardı rayonnıń investiciyalıq hám turistlik potencialı, rayonda engizilgen salıq jeńillikleri, «Moynaq» kishi sanaat zonası, rayonda jaylasqan turistlik obektler menen bar infrastrukturalar, 20l9-jılda turizmdi rawajlandırıw boyınsha ámelge asırılatuǵın jumıslar boyınsha maǵlıwmatlar berildi. Bul óz gezeginde sırt elli investorlardıń elimizge degen qızıǵıwshılıǵın, respublikamızdıń túrli tarawlarına investiciya kirgiziwine isenemiz, -deydi Qaraqalpaqstan Respublikası Turizmdi rawajlandırıw basqarmasınıń baslıǵı B.Qosekeev.

Ilajdıń ekinshi kúninde biznes forum qatnasıwshıları Moynaq rayonındaǵı Ekologiya muzeyinde, Korabller qoyımshılıǵı hám rayon aymaǵındaǵı dıqqatqa ılayıqlı basqa orınlarda boldı.

Forum juwmaǵında Moynaq rayonı hákimligi hám sırt el investorları arasında ulıwma bahası 79 million AQSH dollarına teń bolǵan túrli tarawlarda 3 memorandumǵa qol qoyıldı.

¬ Moynaqta quyash elektrostanciyasın qurıw maqsetinde 30 million AQSH dolları muǵdarında investiciya kirgizip atırmız. Bul boyınsha «Ózbekenergo» menen de óz ara shártnama dúzdik. Álbette, jumıslarımız sátine túsip ketse, respublikańızda energiya resurslarınan nátiyjeli hám tejemli paydalanıwda, ekonomikalıq potencialdıń artıwına óziniń unamlı tásirin tiygizetuǵınlıǵına isenemen, -deydi «Graess Energy UZDE» qospa kárxanası direktorı, jańa zelandiyalı investorı Toni Wods.

Jaqında ǵana Aral teńizi óziniń kóplegen tábiyǵıy baylıqları menen dańq taratqan edi. Al, Aralboyı aymaǵı gúllengen hám biologiyalıq jaqtan bay tábiyǵıy ortalıq bolıp esaplanar edi. Prezidentimizdiń tikkeley baslaması menen Aral teńiziniń qurıwınıń unamsız aqıbetlerin saplastırıw, aymaqtı ele de rawajlandırıw, tábiyǵıy ortalıqtı saqlap qalıw hám basqa da mashqalalardıń nátiyjeli sheshiwdiń anıq belgilengen ilajların qamtıǵan bir qatar kompleksli baǵdarlamalar qabıl etildi. Álbette, bul keleshekte elimizdiń gúllep-rawajlanıwına unamlı tásirin tiygizetuǵınlıǵına isenemiz.